ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№52 (24.334) • 2022 гъэм накъыгъэм (майм) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

# ФIыщIэ мыухыж яхудощI ди нэхъыжьхэм





*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

**Налшык щекIуэкIащ республикэм ис хэкупсэхэм ящыщ куэд зэхуэзышэса «Полк уахътыншэ» лъэс зекIуэр. Хэку зауэшхуэм хэта я Iыхьлыхэм я сурэтхэр яIыгъыу, ТекIуэныгъэм хуауса уэрэдхэр жаIэу, Ленинным и цIэр зезыхьэ, къалэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуащ цIыху минхэр.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭ махуэм епха дауэдапщэхэр Хэку зауэшхуэм хэтахэм я фэеплъхэм я пащхьэм удз гъэгъахэр зэрыхуагъэтIылъымкIэ къырагъажьэри, «МафIэ мыужьыхыжым» деж щызэхэта пэкIумкIэ иухащ. Гъэ къэси зэхыхьэ «Полк уахътыншэм» мы гъэм цIыхухэм я нэ нэхъ къыхуикIырт, пандемием и зэманым интернет IэмалкIэ фIэкIа ар зэрырамыгъэкIуэкIыфам къыхэкIыу. Иджы лъэс зекIуэм аргуэру цIыхубэр Налшык и уэрамхэм къыдишащ. Къэбэрдейр Урысейм зэрыгухьэрэ илъэс 400 щрикъу утыкум деж къыщежьэри, лъэс зекIуэм зыщиубгъуащ Балъкъэр уэрамым нэс. Гупым я пашэт КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Казбек**, Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, Правительствэм и УнафэщI **Мусуков Алий**, Парламентымрэ Правительствэмрэ хэтхэр. Республикэм и Iэтащхьэр и унагъуэр къыбгъурытрэ Хэку зауэшхуэм хэта и адэшхуэ КIуэкIуэ Мухьэмэд и сурэтыр иIыгъыу, япэ ит сатырым хэту уэрамым ирикIуащ.

ТекIуэныгъэ-77





# «Полк уахътыншэм» цIыху мин 50 зэхуишэсат

**«Полк уахътыншэм» зэхуишэса лъэс зекIуэм хэтын къудей папщIэ къалэхэмрэ къуажэхэмрэ къикIа нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри зэщIигъэуIуащ накъыгъэм и 9-м щыIа мы дауэдапщэм. Адэ-модэкIэ «ура»-хэр щызэхэпхыу, цIыхубэм Налшык и уэрам нэхъыщхьэр ягъэбжьыфIащ.**




ЦIыху мин 50-м нэблагъэ къыздрихьэлIа лъэс зекIуэр щиухащ КъБР-м и Правительствэм и Унэр зэрыт ЗэгурыIуэныгъэм и утыкум. Абдеж дыдэм щекIуэкIащ ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ къызэрагъэпэща концерт. Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэм щыпэрыт творческэ гупхэм ягъэзэщIащ Хэку зауэшхуэм теухуа уэрэдхэр. ЦIыхубэм я лIыкIуэхэр утыкум къихьэри, зауэм хэта ветеранхэмрэ щIыналъэм исхэмрэ ехъуэхъуащ.

«Нобэ дэ дигу къыдогъэкIыж икIи фIыщIэ мыухыж яхудощI ныбжькIэ а лъэхъэнэм хиубыдахэм, цIыхубэм яшэча а зауэ гущIэгъуншэм и удын хьэлъэр зи фэм дэкIахэм. Абы и щыхьэтщ иджыпсту дыдэ мыбдежым щызэхэта «Полк уахътыншэм» зэхуишэса цIыху мин бжыгъэр. Тхыдэмрэ хабзэмрэ пщIэ яхуэзыщI ди лъэпкъыр зэрызэкъуэтым и щыхьэт наIуэ хъуащ нобэрей лъэс зекIуэр», - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, щIыналъэм щыщхэм защыхуигъазэм.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**
*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*










# МафIэ мыужьыхым деж

**Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек 1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди республикэм щыщу хэкIуэдахэм папщIэ накъыгъэм и 9-м удз гъэгъахэр щигъэтIылъащ «ЩIыхьым и МафIэ мыужьых» мемориалу Налшык дэтым деж.**

ДИ щIыналъэм икIыу къэзымыгъэзэжа офицерхэмрэ сэлэтхэмрэ я фэеплъ нэхум пщIэ хуэзыщIыну а махуэм къекIуэлIахэм яхэтащ Хэку зауэшхуэм и ветеранхэр, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ, дзэ зэщIэузэдахэмрэ хабзэхъумэ IэнатIэхэмрэ я ветеранхэм (пенсионерхэм) я республикэ зэгухьэныгъэмрэ Налшык къалэ округым и ветеранхэм я советымрэ хэтхэр.

Къызэхуэсахэр зауэм хэкIуэдахэм дакъикъэкIэ хуэщыгъуащ.

МафIэ мыужьыхым деж щекIуэкIа пэкIум хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ**, КъБР-м и Правительствэм и Тхьэмадэ **Мусуков Алий**, УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щIыналъэм щыIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ и инспектор **Мэкъуауэ Тимур**, дзэ зэщIэузэда, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я Iэтащхьэхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр.

Хэку зауэшхуэр ТекIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 77-рэ щрикъум ирагъэхьэлIа Iуэхугъуэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и адрей къалэхэми районхэми щекIуэкIащ.

**БЭРАУ Бышэ.**



# КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм и щIыхькIэ зэрызахуигъэзар




**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ди къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщихьрэ илъэс 77-рэ ирикъуащ мы гъэм. Абы ехьэлIа Iуэхугъуэ дахэ куэд ди хэкум и щIыпIэ псоми щекIуэкIащ. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм и саулыкъукIэ Налшык къыщызэрагъэпэща гуфIэгъуэ концертым КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зауэм и ветеранхэм, республикэм и цIыхухэм захуигъэзащ хъуэхъу псалъэхэмкIэ.**

«ПЩIЭ зыхуэсщI си лъахэгъухэ, зи щIыхьыр лъагэ ветеранхэ! Къэбэрдей-Балъкъэрым и хьэщIэ лъапIэхэ! Си гуапэу сынывохъуэхъу Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 77-рэ зэрырикъумкIэ! Нобэрей махуэшхуэр дэтхэнэм и дежкIи нэхъ лъапIэ дыдэ, псэм щагъафIэ махуэщIщ. Абы къегъэлъагъуэ ди Хэкур тхуэзыхъума, фашизмэм удын хьэлъэ езыдза ди нэхъыжьыфIхэм фIыщIэ мыухыж зэрахуэтщIыр. А махуэращ ахэр зыхуэзэуар, зыхуэлэжьар, цIыху къарумрэ зэфIэкIымрэ къимыхьын хуэдэ гугъуехьхэм щIыпхыкIыфар, ТекIуэныгъэм и гъатхэр къиихьэным щIэпт хъуну псори уасэ щIыхуащIыфар. Дэ сыт щыгъуи ди гум илъынущ а къызэрымыкIуэ лIыхъужьыгъэр совет цIыхубэм зэрахузэфIэкIар.

Ди къэралым къытехуащ бийм и удын нэхъ хьэлъэ дыдэхэр. Ди цIыхухэращ Хэкур бийм щызыхъумэжар, адрей лъэпкъ куэдым я къыщхьэщыжакIуэ нэс хъуар, Европэм и къэралхэр хуит къэзыщIыжар. А Iуэхугъуэм мы зэманым политикэ, ущие мыхьэнэшхуэ иIэщ, дызэрыгушхуэщ, ди щхьэр лъагэу дэзыгъэIэтщ. Абы къыхэкIыу зауэм теухуа пэжыр хъумэныр, тхыдэм абы ехьэлIауэ къыщыгъэлъэгъуа, шэч къызытумыхьэж къэхъукъащIэхэр зэдзэкIауэ «къратхыкIыжыныр» дымыдэныр - ар ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм я пащхьэ щыдиIэ къалэнышхуэщ - къыхигъэщащ и псалъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэм. - Хэку зауэшхуэр илъэси 4-кIэ екIуэкIащ. Ар хъуащ лIыгъэмрэ хахуагъэмрэ, гъэунэхуныгъэ хьэлъэхэмрэ хэщIыныгъэ гуащIэхэмрэ, ТекIуэныгъэм хуэщIа гугъапIэ нэхухэмрэ фIэщхъуныгъэ гъунапкъэншэмрэ я лъэхъэнэ псо.

Лъэпкъ зэхэгъэжыр зи пщалъэхэм мураду яIар цIыху акъылым къимытIэсэным хуэдэхэщ. Ахэр хуейт лъэпкъкIуэдыр къытхуагъэкIуэну, ди лъапсэхэр ягъэгъущыну. ЩымыIэжынкIэ шынагъуэ къыщхьэщыхьат ди совет къэралыгъуэ щхьэхуитым. Совет цIыхубэм, ди зауэлI хахуэхэм къакъуэкIа лIыгъэ къызэрымыкIуэм и фIыгъэщ а мурадхэр бийм къызэремыхъулIар. Ди адэшхуэхэм, адэхэм дуней псом ирагъэлъагъуфащ зэкъуэтыныгъэм, зэрыIыгъыныгъэм, Хэкум хуаIэ лъагъуныгъэм я щапхъэ уахътыншэ. Я псэм щымысхьу ахэр бийм щыпэщIэтащ дэни - щIылъэми, хыми, уафэгуми. Фронтым дэIэпыкъуу, цIыхум и къарум дэмыхуэн хуэдиз зэфIэкI къагъэлъэгъуащ заводхэмрэ фабрикэхэмрэ, губгъуэхэмрэ фермэхэмрэ щылэжьа совет цIыхубэм. Апхуэдэ лIыгъэ къызыкъуэкIыфынур Хэкум и къуэ, ипхъу нэсхэрат. Ахэращ нацизмэр хэзыгъащIэу, шэч лъэпкъ зыхэмылъ ТекIуэныгъэр къытхуэзыхьар, 1945 гъэм накъыгъэм и 9-р лIэщIыгъуэкIэрэ мыкIуэдыжын махуэшхуэ дуней псом щызыщIар.

Нобэ дэ фIыщIэ мыухыж яхудощI Хэку зауэшхуэм лIыхъужьу хэта щIэблэу цIыхубэ тхыдэм и зауэ нэхъ гущIэгъуншэ дыдэм и гугъуехьхэр, хьэзабхэр, щыщIэныгъэ псори зытехуахэм, зышэчахэм. Апхуэдэ фIыщIэм и щапхъэ нэрылъагъущ цIыху минхэр зыхэту блэкIа «Полк уахътыншэр». Абы хэтахэм иджыри зэ ягъэлъэгъуащ зи тхыдэмрэ хабзэмрэ иригушхуэ ди цIыхубэр зэрызэкъуэтыр.

Дэ зэи тщыгъупщэнукъым ТекIуэныгъэм щIэтта уасэшхуэр. Зауэм ихьащ совет цIыхухэм ящыщу мелуан 26-м щIигъум я гъащIэр. Къэбэрдей-Балъкъэрым и бынхэм ящыщу мин 40-м щIигъум я щхьэр щагъэтIылъащ Индылрэ Берлинрэ я зэхуаку илъа зауэ губгъуэхэм. Зауэм зи гъащIэр зыIиха псоми я фэеплъым ди щхьэхэр яхудогъэщхъ. Дунейм ехыжа ветеранхэм дахуощыгъуэ.

Хэку зауэшхуэр ди къэралым и дежкIэ гъэунэхуныгъэ хьэлъэ дыдэт. Апхуэдэу щытами, абы зэхикъутэфакъым цIыхубэм я гурылъ нэхухэу ТекIуэныгъэм хуэгъэпсахэр, дэтхэнэми и фIэщ хъурт «ди Iуэхур захуэу зэрыщытыр, биидзэр зэрызэхэткъутэнур, текIуэныгъэр зэрызыIэрыдгъэхьэнур». А фIэщхъуныгъэр ноби илъщ ди гум, абы дызэкъуегъэувэ иджырей лъэхъэнэм къытпигъэув шынагъуэхэм дапэщIэтыфынымкIэ. А Iуэхугъуэм и щапхъэ быдэщ ди цIыхубэр къэралым и пашэ Путин Владимиррэ Урысей ФедерацэмIэщэкIэ зэщIэузэда и дзэхэу операцэ хэха зыгъэзащIэмрэ зэракъуэувар, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек, УФ-м и Президентым и мыхьэнэр къыхигъэбелджылыкIыу. - Нобэ, лIэщIыгъуэ блэкIам и 40 гъэхэм хуэдэу, ди къэралым игъэзэщIэн хуей мэхъу нацизмэм пэщIэувэным, хуитыныгъэм, пэжым, захуагъэм я телъхьэу щытыным епха къалэнхэр.

Си фIэщ мэхъу ТекIуэныгъэм и махуэр зэи мыкIуэдыжын гъуазэ быдэу игъащIэкIи къызэрытхуэнэнур, ди Iуэху псори абы етлъыту дызэрыпсэунури хьэкъщ. Ди къалэнщ ди адэшхуэхэм, ди адэхэм къыдагъэзауэ щыта дзыхьыр дгъэпэжыну, гугъуехьхэмрэ лъэпощхьэпохэмрэ дапэлъэщыну, ди бынхэм, абыхэм къащIэхъуэ щIэблэм зэIузэпэщыныгъэрэ къарурэ зэрылъ ди Урысей къэралыгъуэр къахуэдгъэнэну.

Хэку зауэшхуэм и лIыхъужьхэм - щIыхь! ТекIуэныгъэр къэзыхьа цIыхубэм - щIыхь! МахуэшхуэмкIэ, ТекIуэныгъэм и махуэмкIэ сынывохъуэхъу!»

ТекIуэныгъэ-77



КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек ТекIуэныгъэ Иным папщIэ ехъуэхъуащ зауэм и ветеран Караганов Николай. Республикэм и Iэтащхьэр ветераным и унэм еблэгъащ.

# И унэм еблэгъащ

ИЛЪЭС 17-м иту арат 1943 гъэм и дыгъэгъазэм Карагановыр зауэм щыкIуам. Абы и пэкIэ ар Къэзахъстаным щыпсэуащ, Новорыбинск къуажэм и колхозым трактористу щылажьэрт. Армэм сержант щыхъуащ. ЕтIуанэ Белорусскэ фронтым щызэуащ, Варшавэ, Данциг, Гдыня, Росток хуит къэзыщIыжахэм яхэтащ, Одер псым зэпрыкIащ. И лIыхъужьыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ Хэку зауэшхуэм и етIуанэ нагъыщэ зиIэ орденыр, Жуковым и медалыр, «Хахуагъэм папщIэ», «Варшавэ хуит къызэрищIыжам папщIэ» медалыр. 1950 гъэм ар Къэбэрдей-Балъкъэрым къэкIуащ. Тырныауз комбинатым машинэзехуэу щылэжьащ илъэс куэдкIэ.

Зауэ гъуэгу кIыхьыр зэпичами, лIыхъужьым и нэгум къощ нэжэгужагъэр, дахэу мэгушыIэ, и псалъэ шэрыуэхэм уагъэгушхуэ. Унагъуэм я нэхъыжьыр я нэм, я псэм хуахь. Карагановыр сытым щыгъуи жыджэру хэтащ нэхъыжьхэм я зэхыхьэхэм, ветеранхэм папщIэ республикэм къыщызэрагъэпэщ Iуэхухэм. ЩIэблэр хэкупсэу къыдэгъэкIуэтеиным мыхьэнэшхуэ ириту хэлэжьыхьащ, зэрыхузэфIэкIкIэ.

КIуэкIуэ Казбек нэхъыжьым щехъуэхъум жиIащ: «ФIыщIэшхуэ пхудощI дэр папщIи щIэблэм я къэкIуэнум теухуауи блэжьахэм щхьэкIэ. Зауэм и фэеплъыр дэ нэтхьэсынущ къытщIэхъуэхэм я деж. Догушхуэ уэркIэ, ди нэхъыжь лъапIэмкIэ!»



# Дэнэ къуажи къыдэIукIырт

Накъыгъэм и 9-р, ди къэралым и щIыпIэ псоми хуэдэу, Тэрч щIыналъэми Iэтауэ щагъэлъэпIащ.



ХАБЗЭ дахэ зэрыхъуауэ, дауэдапщэхэр «Полк уахътыншэмкIэ» ирагъэжьащ. Сабий гъуазджэхэмкIэ школым деж я адэшхуэ-анэшхуэхэм, зэрыгушхуэ лIыхъужьхэм я сурэтхэр яIыгъыу щызэхуэсахэм нэхъ цIыкIу дыдэхэм щегъэжьауэ яхэтащ. А Iуэхум цIыхухэр зэпэгъунэгъу ищIым и мызакъуэу, щхьэж зэрыгушхуэ и нэхъыжьыр адрейм иригъэцIыхурт, лIыхъужь хъыбархэмкIэ зэдэгуашэрт.

Гупышхуэр Лениным и цIэр зезыхьэ уэрамым ирикIуэри, Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым нэс кIуащ. Пэрытхэм ТекIуэныгъэм, УФ-м, КъБР-м я къэрал ныпхэр хуарзэу яIыгът. Абыхэм къакIэлъыкIуащ волонтер гупыр. Районым и унафэщIхэр, школакIуэхэр, IуэхущIапIэхэм я тхьэмадэхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, ныбжьыщIэ цIыкIухэр зэгъусэу ирикIуэрт. Москва, Ленинград щхьэхуит къэзыщIыжахэм, Курп и щыгухэм зи псэ щызытахэм, Берлин къэзыщтахэм, 115-нэ шуудзэм хэтахэм я сурэтхэр щыплъагъунут «Полк уахътыншэм». Дэтхэнэми къытещыр зы цIыху гъащIэ къудейкъым, атIэ, къэралым, лъэпкъым я къекIуэкIыкIам щыщ Iыхьэщ ахэр псори.

ЦIыху минитхум щIигъу хэту екIуэкIа а Iуэху дахэр ди нэхъыжьхэм пщIэрэ фIыщIэу хуащIым и щыхьэту къэплъытэ хъунущ.

Тэрч къалэ Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъу дэтым деж щащIа пэкIум Хэкум и IэфIагъым, мамырыгъэм и лъапIагъым, зауэм и дыджагъым теухуауэ псалъэмакъ щхьэпэ куэд щекIуэкIащ.

ТекIуэныгъэм, зауэм, лIыхъужьыгъэм хуэгъэпса уэрэдхэр щIыналъэм и дэнэ къуажи къыдэIукIырт а махуэм.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Ветераныр ягъэгушхуащ

**«Парадыр и унэм деж» Iуэхур щыдаIыгъащ Налшык къалэми.**

УРЫСЕЙМ и Лъэпкъ гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэмрэ ведомствэм и дзэ часту Звезднэ жылэм щыIэм и оркестрымрэ Хэку зауэшхуэм хэта налшыкдэс Хармац Семён Григорий и къуэм и псэупIэм деж ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ щехъуэхъуащ.

Iуэху гуапэм къыхыхьащ юнармейцхэмрэ кадет классым щIэсхэмрэ. ХьэщIэхэм нэхъыжьыфIым фIыщIэ хуащIащ, махуэшхуэмкIэ ехъуэхъури, удз гъэгъахэмрэ саугъэтхэмрэ иратащ.

ЗэуапIэм Iутар щыпсэу унэм и пщIантIэм деж махуэшхуэ концерт щатащ, ветераныр ягъэлъапIэу. Лъэпкъ гвардием и музыкантхэм ягъэзэщIащ зауэ илъэсхэм я маршхэмрэ уэрэдхэмрэ.

«Накъыгъэм и 9-м екIуэкIыну парадым ветеран псори зэрыхэмытыфынур къэтлъытэри, аращ ТекIуэныгъэм и махуэм ипэ къихуэу мы Iуэхур къыщIызэдгъэпэщар - абыхэм гукъыдэж яттыну, зэрахьа лIыгъэм папщIэ фIыщIэ яхуэтщIыну дыхуейт», - жиIащ Урысейм и Лъэпкъ гвардием и щIыналъэ управленэм и лэжьакIуэ, полицэм и подполковник Зэгъэщтокъуэ Викторие.

Хармац Семён щызэуащ 1-нэ Прибалтийскэ фронтым, тIасхъэщIэхыу щытащ. УIэгъэ хъуа нэужь госпиталым къыщеIэзэри, 2-нэ Украин фронтым ягъэкIуащ. Зауэ нэужьым илъэси 5-кIэ Китайм къулыкъур щрихьэкIащ.

**УАРДЭ Жантинэ.**



# ЛIыгъэм и дерсхэр ирагъэкIуэкI



**УФ-м и Лъэпкъ гвардием и управленэу КъБР-м щыIэм ведомствэм щIэмыт и хъумакIуэ къудамэм и лэжьакIуэхэмрэ дзэ къулыкъур езыхьэкIхэмрэ лIыгъэм и дерс драгъэкIуэкIащ Бахъсэн къалэм дэт, ЩоджэнцIыкIу А. и цIэр зезыхьэ курыт еджапIэ №2-м гвардейцхэм я нэIэ тету иIэ классым щIэсхэм.**

ХЬЭЩIЭХЭР кадетхэм яхутепсэлъыхьащ Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм «Совет Союзым и ЛIыхъужь» цIэр зыхуагъэфэща ди лъахэгъухэм, апхуэдэуи я ведомствэм къулыкъур щезыхьэкIа, и къалэныр игъэзащIэу хэкIуэда сержант нэхъыжь Джэху Альберт и къекIуэкIыкIам.

«Нобэ къулыкъу зыщIэхэм, Хэку зауэшхуэм и илъэсхэм я пщэ къыдэхуа гугъуехьышхуэхэм лIыгъэ яхэлъу пхыкIа ди нэхъыжьхэм я фэеплъым пщIэ хуащIу, лIыгъэ яхэлъу ягъэзащIэ ди республикэмрэ къэралымрэ мамырыгъэр щыхъумэным хуэунэтIа я къалэныр», - жиIащ ведомствэм щIэмыт хъумакIуэ IэнатIэм и лэжьакIуэ, полицэм и лейтенант нэхъыжь Надзырэ Азэмэт.

ЗэIущIэм и кIэухыу школым и унафэщIым Урысей гвардием и лIыкIуэхэм фIыщIэ яхуищIащ къытщIэхъуэ щIэблэр хэкупсэу гъэсэным жыджэру зэрыхэтым папщIэ.

**ДЫГУЛЫБГЪУ Жантинэ.**

ТекIуэныгъэ-77





# Я адэшхуэхэм яхуэфащэу

**ТекIуэныгъэм и парадыр Iэтауэ щекIуэкIащ Нарткъали.**

АБЫ и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуащ дзэ машинэу 8. АдэкIэ лъэсу къакIэлъыкIуэрт юнармейцхэр, кадетхэр, Аруан районым ис щIалэгъуалэр. Я щхьэр лъагэу Iэтарэ дахэу ирикIуэу блахащ ТекIуэныгъэм и ныпыр, Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэмрэ я къэрал ныпхэр.

Хабзэ зэрыхъуам тету, махуэшхуэм районми къыщызэрагъэпэщат «Полк уахътыншэр». Мис абы хэту Аруан щIыналъэм ис цIыху минитху ирикIуащ уэрамым, я адэшхуэхэм я сурэтхэр яIыгъыу.

Къызэхуэса псори МафIэ мыужьыхым деж къыщызэтеувыIащ. Абдеж щекIуэкIа пэкIум къыщыпсэлъахэм къыхагъэщащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэр къыщызыхьахэмрэ абы хэкIуэдахэмрэ зэи зэращымыгъупщэнур, ди лъахэгъухэмрэ ди лъэпкъэгъухэмрэ лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу зауэм зэрыхэтам, бийр зэрырагъэкIуэтам ноби зэрыригушхуэр, мамырыгъэмрэ уафэ къащхъуэмрэ тхуэзыхъума ди адэжьхэм я фэеплъыр иджыри куэдрэ щIэблэм я щапхъэу зэрыщытынур.





Хэку зауэшхуэм хэкIуэдахэм я фэеплъым удз гъэгъа Iэрамэхэр тралъхьащ.

Аруан щIыналъэм ит къуажэ псоми щекIуэкIащ махуэшхуэм теухуа дауэдапщэхэр, цIыхубэм я нэгу зыщрагъэужьа концерт щызэхашат Физкультурэ-узыншагъэр щрагъэфIакIуэ IуэхущIапIэм деж, ТекIуэныгъэм и махуэм и щIыхькIэ хьэрэкIытIэхэр драгъэлъэтеящ.

**НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.**



# Къэхъундэсхэм ягъэлъапIэ

ПСОМИ ди зэхуэдэ и махуэшхуэр щагъэлъэпIащ Къэхъун къуажэм. Зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъым деж щызэхуэсащ жылэм и унафэщIхэр, депутатхэр, нэхъыжьхэр, щIалэгъуалэр. Фэеплъым удз гъэгъахэр тралъхьа нэужь, къызэхуэсахэр ирагъэблэгъащ курыт еджапIэ №1-м. ШколакIуэхэр зауэм теухуа усэхэм къеджащ, уэрэдхэр жаIащ. УэрэдкIэ нэхъыжьхэм яхуэупсащ уэрэджыIакIуэ Къул ФатIимэ. ХьэхъупащIэ Заур и гъэсэнхэм я къэфэкIэр хьэщIэхэм ягу дыхьащ.

Къуажэ администрацэм и унафэщI Къандэхъу Леонид ТекIуэныгъэм и махуэм теухуауэ къырихьэлIахэм ехъуэхъуащ. Ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Джатокъуэ Хьэуелэрэ нэхъыжьыфI Къуэкъуей Русланрэ Iуэхум хэтхэм псалъэ гуапэкIэ зыхуагъэзащ, щIэблэми Iущагъэ зэхрагъэхащ. Махуэшхуэм теухуауэ къэпсэлъащ Къэхъун библиотекэм и унафэщI Пхъэшх Светэ.

# ЦIыхубэм зэдаIэт

**ТекIуэныгъэ Иным и махуэр Дзэлыкъуэ щIыналъэм и къуажэхэм щагъэлъэпIащ. Я лIыхъужьхэм я сурэтхэр, ТекIуэныгъэм и дамыгъэ плъыжьыр, къэралым, республикэм я ныпхэр яIыгъыу абы хэтащ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри. Къуажэ унафэщIхэр хъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр ди къэралым къызэрыщихьрэ илъэс 77-рэ зэрырикъум теухуауэ.**



ДЗЭЛЫКЪУЭКЪУАЖЭ и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуащ, «Полк уахътыншэр». Абы хэтащ щIыналъэ администрацэм и унафэщI Джатэ Руслан, къулыкъущIэхэр, къуажэм и нэхъыжьхэр, лэжьыгъэм и ветеранхэр, жылагъуэ лэжьакIуэхэр, щэнхабзэм и лэжьакIуэхэр, школакIуэхэр. Махуэшхуэм пэкIукIэ къыпащащ.

- ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэм ди къэралым и цIыхухэр зэкъуегъэувэ. Совет цIыхухэм я псэхэм дыркъуэ къытринащ зауэм, иджыри гъущакъым гуауэр. Дэтхэнэ унагъуэми къытепсыхауэ щытащ зауэжьым и гуIэгъуэр. Ауэ щыхъукIи, ди цIыхухэр къикIуэтакъым, Хэкум папщIэ я псэ еблэжакъым. Ди гум ильщ ди лIыхъужьхэр, зи псэр зытахэр. Абыхэм я фэеплъыр щIэблэм ялъэдгъэIэсынри ди къалэнщ. Ди гум хуабэу илъыху, я цIэр жытIэху, мылIэжыныпсэ яIут хуэдэщ зауэлIхэм. ТекIуэныгъэ Иныр хэкум папщIэ ди щхьэр уардэу щIэтIэтын махуэшхуэщ, - жиIащ Джатэ Руслан.

Махуэшхуэм ирихьэлIэу Зауэм, лэжьыгъэм, IэщэкIэ зэщIэузэда къарухэм, хабзэхъумэ IэнатIэхэм я ветеранхэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Бэрэгъун Арсен, район сымаджэщым и клиникэ-диагностикэ лабораторэм и унафэщI Нэхущ Iэминат, къэрал кIуэцI Iуэхухэм я ветеранхэу щIыналъэм щыIэхэм я зэгухьэныгъэм и пашэ Щоджэн Барэсбий, Дзэлыкъуэ щIыналъэм и Жылагъуэ палатэм и тхьэмадэ Якушенкэ Сергей сымэ «Дзэлыкъуэ щIыналъэм хуащIа хэлъхьэныгъэм папщIэ» мадалхэр иратащ.

Дзэлыкъуэкъуажэ дэт ЩэнхабзэмкIэ унэм и пщIантIэм деж концерт щрагъэкIуэкIащ, республикэм и уэрэджыIакIуэ, къэфакIуэ пажэхэр хэту. Абдеж щагуэшащ къуажэдэсхэм ягъэуа жьэрымэ. ЩэнхабзэмкIэ унэм щекIуэкIащ зауэм теухуа художественнэ фильмхэр.

ХэкIуэдахэм я фэеплъхэм деж удз гъэгъахэр тралъхьащ.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**



# Зэманым фагъуэ дэхъунукъым



**Накъыгъэм и 9-р, ТекIуэныгъэм и махуэр, Iэтауэ щагъэлъэпIащ Лэскэн районми. ЩIыналъэм и къуажэ псоми къыщызэрагъэпэща махуэшхуэ зэхыхьэхэм, жылэхэм щекIуэкIа «Полк уахътыншэм», я адэшхуэхэм зэрахьа лIыгъэр зэралъытэм и щыхьэту, цIыхушхуэ зэхуишэсат. Дэтхэнэ зы зэIущIэми а махуэм щыжаIахэм гупсысэ нэхъыщхьэу щыпхрышар ди хуитыныгъэм, мамырыгъэм щIэбэна нэхъыжьхэм ТекIуэныгъэм щIата уасэр тщымыгъупщэу, абыхэм я пщIэмрэ щIыхьымрэ тлъытэу, сыт хуэдэ щытыкIэ гугъу дыкъихутами, гъащIэ дахэм, псэукIэ зэIузэпэщым дызэрыхущIэкъупхъэрщ.**

ДИ жагъуэ зэрыхъунщи, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэу псэужхэм я бжыгъэр илъэс къэс нэхъ мащIэ хъуурэ йокIуэкI. Лэскэн районыр зэрыгушхуэ лIыхъужьхэм ящыщу нобэрей ТекIуэныгъэ Иныр зыгъэлъэпIэну зи насып къэрихьэкIар Хьэтуей къуажэм щыщ Бетрожь СулътIан и закъуэщ. Нэхъыжьым хуэфэщэн пщIэи гулъыти игъуэтащ а махуэм. Район унафэщIхэми къуажэдэсхэми дагъэлъэпIащ а махуэр СулътIан - махуэшхуэ зэхыхьэм и гуфIэгъуэ пэкIур ветераным и унэм щаублащ.

- ТекIуэныгъэм хуэзышэ гъуэгур кIыхьу икIи гугъуу щытащ. ЛIыгъэрэ лIыхъужьыгъэрэ къагъэлъагъуэу абы щIэзэуахэм яхэтащ Лэскэн районым и цIыху мин бжыгъэхэр. Абыхэм ящыщ зыщ Бетрожь СулътIани. Гъуэгуанэ хьэлъэ икIи гъэщIэгъуэн къызэринэкIащ абы. Ауэ сыт хуэдэ щытыкIэ ихуами, и напэр ихъумэжу, и цIыхугъэр фIэмыкIуэду къекIуэкIащ. Шэч хэмылъу, гур хэзыгъэщIщ и зауэ гукъэкIыжхэр, ауэ абыхэм наIуэ къыпщащI ТекIуэныгъэ Иным и лъапIагъыр, ди къэралым и лIыхъуж къэмылэнджэжхэм абы щIата уасэр зыхуэдэр. Къэралым дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ тхыдэ къэхъукъащIэ шынагъуэ куэд и нэгу щIэкIащ СулътIан. А илъэгъуа псоми ар къызэфIагъэщIакъым, атIэ гугъуехьым пэщIэтыфу япсыхьащ. НэхъыжьыфIым сохъуэхъу узыншагъэ быдэ иIэу, гъащIэр щIэщыгъуэ къыщызыщIын Iуэхугъуэхэр и бэу иджыри куэдрэ дяпэ итыну, - жиIащ Лэскэн район администрацэм и Iэтащхьэ Инжыджокъуэ Сэфарбий.

Хьэтуей къуажэм щекIуэкIа «Полк уахътыншэм» жыджэру хэтащ нэхъыжьхэри нэхъыщIэхэри. ЛIыхъужьыгъэ зезыхьа я адэшхуэхэм я сурэтхэр, ТекIуэныгъэ Иным и Бэракъ Плъыжьыр зыIыгъа гупыр уэрам нэхъыщхьэм къыщежьэри, зауэм хэкIуэда ди къуажэгъухэм я цIэ-унэцIэхэр къыщыгъэлъэгъуауэ кхъэм и дыхьэпIэм деж щагъэува фэеплъ стелэм екIуэлIащ. Ди мамыр псэукIэм зи гъащIэр щIэзытахэр псалъэ гуапэкIэ ягу къагъэкIыжащ, дакъикъэкIэ абыхэм яхуэщыгъуэри, махуэшхуэ пэкIур щызэхаша курыт школым и пщIантIэм къагъэзэжащ.

ЗэIущIэр къызэIуихащ къуажэ администрацэм и унафэщI ДзыхьмыщI Анзор.

- Сыт хуэдиз зэман дэкIыжами, ТекIуэныгъэм и махуэм и лъапIагъэр зэманым фагъуэ дэхъунукъым, - жиIащ абы. - Дэ, нобэрей мамырыгъэмрэ хуитыныгъэмрэ къытхуэзыхьа ди адэшхуэхэм я щIэблэм, зэи тщыгъупщэнукъым Хэку зауэшхуэм хэтахэм я лIыхъужьыгъэр, хахуагъэр. Ди щхьэр яхудогъэщхъ фронтым Iутахэм, тылым щыIахэм къагъэлъэгъуа лIыгъэм, зауэ гущIэгъуншэм и хьэзаб псори зыгъэвахэм я фIыщIэр къыпхуэмылъытэнщ. ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ сынывохъуэхъу, фIыгъуэрэ гуфIэгъуэрэ фыщымыщIэу Тхьэм фигъэпсэу!

Апхуэдэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и депутат Къумал Заурбэч, КъБР-м и Жылагъуэ палатым и деж щыIэ Нэхъыжьхэм я Советым хэт БищIо Юрэ, Хьэтуей къуажэм и ветеранхэм я советым и тхьэмадэ Бетрожь Ибрэхьим, курыт школым и уна-фэщI Гупсешэ Залинэ сымэ.

ЕджакIуэхэр зауэм теухуа усэхэм къеджащ, уэрэдхэр жаIащ, къэфащ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**

# Суд приставхэр йохъуэхъу

**Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэхэр Хэку зауэшхуэм хэта, апхуэдэуи тылым щылэжьа нэхъыжьыфIхэм я унэхэм кIуэурэ ехъуэхъуащ.**

## Ожеред Максим и гукъэкIыжхэр



Илъэси 102-рэ ныбжьым ит, ордензехьэ Ожеред Максим Алексей и къуэм узэщIиIэтэу къеIуэтэж и ныбжьэгъу зауэлIхэм ящIыгъуу, я плIэр зэгъэкъуауэ зыпхыкIа зауэ гъуэгуанэр.

Зауэм щыщIидзам Максим Румынием и гъунапкъэм щыIэт. Ар ящыщщ топгъауэ батареем хэту Одессэ, Севастополь зыхъумахэм икIи абы уIэгъэ щыхъуащ. Госпиталым къыщеIэза нэужь ар хыхьащ 51-нэ армэм и частым икIи абы хэту хуит къищIыжащ Дон Iус Ростов, Таганрог, Мелитополь, Симферополь, Севастополь, Херсон къалэхэр, апхуэдэуи Белоруссиемрэ Латвиемрэ я къалэхэр. 1944 гъэм и щэкIуэгъуэм Сиваш гуэлым зэпрыкIащ. Украин фронтым и 1-нэ частым хэту щызэуащ Польшэм, Чехословакием. Зауэр абы щиухащ Австрием.

Зэрихьа лIыгъэм папщIэ къыхуагъэфэщащ дамыгъэ лъапIэ куэд, абыхэм ящыщщ Вагъуэ Плъыжь орденыр, Хэку зауэ орденым и 1-нэ нагъыщэр, «И хахуагъэм папщIэ», «Германием дызэрытекIуам папщIэ» медалхэр.

Урысей ФССП-м и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэ - КъБР-м и суд пристав нэхъыщхьэм и къуэдзэ, къэрал кIуэцI къулыкъум и капитан Литовкэ Наталье зэрыжиIащи, Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм гулъытэ яхуэщIыным мыхьэнэшхуэ иIэщ, псом хуэмыдэу мы зэманым. Аращ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм и пэ къихуэу Управленэм и лэжьакIуэхэр республикэм и районхэм ис лIыхъужьхэм я деж щIэкIуар.

Сэлам щызэрахыжым Наталье ветераным ехъуэхъуащ и узыншагъэр мыкIуэщIу псэуну икIи езыми и ныбжьэгъухэми зэрахьэ лIыгъэр зэращымыгъупщэнур жриIащ.

## Настаев Ибрэхьим ягъэлъапIэ



Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм Шэрэдж районым щиIэ къудамэм и суд приставхэр щыIащ Настаев Ибрэхьим Магомед и къуэм и деж икIи ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

Абы игу къигъэкIыжащ и Хэку цIыкIум щегупсыскIэ и къарур къызэщIиIэтэу зэрыщытар - и унагъуэр, и къуажэр, и республикэр сыт щыгъуи и гум илът. Нобэ щIэблэщIэхэм ягу къагъэкIыж абы зэфIихахэр икIи Хэку зауэшхуэм и илъэс лыгъэхэм зэрихьа лIыгъэм папщIэ фIыщIэ хуащI.

«Дэ ди къалэнщ 1941 - 1945 гъэхэм сэлэтхэм къагъэлъэгъуа лIыгъэр тщымыгъупщэу пщIэ яхуэтщIыну. Хэку зауэшхуэм къигъэлъэгъуащ ди къэралым и цIыхухэр лъэщу икIи къаруушфIэу зэрыщытыр, зэман нэхъ гугъуми зэрыпэлъэщынур. Накъыгъэм и 9-м къэралыр зэрыщыту зыуэ дызэкъуоувэ, уасэ зимыIэ текIуэныгъэр къытхуэзыхьахэм фIыщIэшхуэ яхуэтщIын, псалъэ гуапэ яхужытIэн папщIэ», - жиIащ Суд приставхэм я Шэрэдж район къудамэм и суд пристав нэхъыщхьэ Башиев Юсуп.

## Долбня Борис фIыщIэ хуащI



Урысейм и Суд приставхэм я федеральнэ къулыкъум и управленэу КъБР-м щыIэм Налшык къалэмкIэ и къудамэм и суд приставхэр ТекIуэныгъэм и махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ Хэку зауэшхуэм и ветеран Долбня Борис Константин и къуэм. Лагъымыдзу щыта сержант нэхъыщIэм мы гъэм игъэлъэпIэнущ илъэс 97-рэ зэрырикъур.

- Ар иджыри къарууфIэщ икIи нэжэгужэщ, - къыддэгуэшащ къудамэм и унафэщI Мамбэт Альберт. - Ди дежкIэ щIыхьышхуэщ лIыхъужьым дыIущIэныр, депсэлъэныр. Сэри, ди IэнатIэм и гупми къыдолъытэ мамырыгъэм щIэзэуа, биишэм зи гъащIэр ихьа дэтхэнэми щIыхь яхуэтщIыну.

Борис фронтым ириджат Краснодар къалэм и военкоматым. Зи щIалэгъуэ зауэлIым курсхэм щиджащ зэуэкIэм и щэхухэр, IэщэкIэ зыузэдыныр, техникэр. 1943 гъэм илъэс 17 фIэкIа мыхъу щIалэр къалэн зыгъэзащIэ дзэ частым ягъэкIуащ. ЯпэщIыкIэ лъэсыдзэм, адэкIэ танк дзэхэм. 57-нэ армэм щIыгъуу ар хэтащ 1945 гъэм Венэ егъэрыкIуахэм.

Къэралым ТекIуэныгъэ Иныр къыхуахьащ Долбня Борис хуэдэ сэлэт мелуанхэм. Хэку зауэшхуэм и ветераным фIыщIэ мыухыж хуащIу саугъэтхэмкIэ хуэупсащ, удз гъэгъа Iэрами иратащ.

ТекIуэныгъэ-77






# Быж Хьэцу и фэеплъу

**Хэку зауэшхуэм и ветеран, КъБАССР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и унафэщIым и къуэдзэу лэжьа, подполковник Быж Хьэцу и фэеплъ пхъэбгъу Налшык къыщызэIуахащ.**

КIЫЩОКЪУЭ Алим и цIэр зезыхьэ хьэблэм тет 49-нэ унэм (1945 - 1959 гъэхэм ироащ Хьэцу щыпсэуар) щIыхь ин къэзылэжьа ветераным и цIэр тетщ. Ар къызэIузыхахэм яхэтащ КъБР-м Экономикэ шынагъуэншагъэмкIэ и советым и секретарым и къуэдзэр **Залиханов Къанщобий**, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр **Къумахуэ Мухьэдин**, Ветеранхэм я Налшык къалэ советым и тхьэмадэ **Абдуллаев Мустэфа**, хабзэхъумэ IуэхущIапIэхэм, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, Быжым и благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ.

ЗэIущIэр къызэIуихри, абы и мыхьэнэм теухуауэ къэпсэлъащ Залихановыр.

- Быж Хьэцу хуэдэ лIыхъужьхэр щIэблэм яцIыхун хуейщ. ТекIуэныгъэм зи псэр щIэзыта псоми си щхьэр яхузогъэлъахъшэ, апхуэдэ фIыщIэ яхуэфащэщ республикэм и хабзэхъумэ IэнатIэм и лэжьакIуэхэм, жиIащ абы. - КъБР-м и Iэтащхьэм гулъытэ хэха, пщIэ лей яхуещI Хэку зауэшхуэм и ветеранхэм. Быж Хьэцу и пхъэбгъур къызэрызэIутхар иджыри зэ щыхьэт тохъуэ ветеранхэм яхуэтщI пщIэмрэ гулъытэмрэ я инагъым, абыхэм зэрахьа лIыгъэр зэрытщымыгъупщэм.

Быж Хьэцу и зэфIэкIым, цIыхугъэм, илэжьа IуэхуфIхэм ятеухуауэ къэпсэлъащ ар зыцIыхуу щытахэмрэ дэлэжьахэмрэ.

Хьэцу ипхъу Быж Татьянэ къызэхуэсахэм фIыщIэ яхуищIри, захуагъэр, пэжыгъэр зи гъуазэу псэуа и адэр унагъуэкIи фIыуэ зэрыщытам тепсэлъыхьащ.

Фэеплъ пхъэбгъур Хьэцу ипхъумрэ Абдуллаев Мустэфарэ къызэIуаха иужькIэ, удз гъэгъахэр тралъхьащ абы зыкъэрезыгъэхьэлIахэм.

Быж Хьэцу яхэтащ Налшык, Къэбэрдей-Балъкъэрыр нэмыцэ зэрыпхъуакIуэхэм къаIэщIэзыгъэкIыжахэм. Зауэ лъэхъэнэм ар партизан отрядым и унафэщIым и къуэдзэу щытащ. Абы къызэригъэпэща тIасхъэщIэх гупхэм я зэфIэкIым хъыбар куэд иIэщ. Хьэцу Хэку зауэшхуэм и лъэхъэнэм къигъэлъэгъуа лIыгъэм папщIэ Правительствэм и дамыгъэу 14 къыхуагъэфэщауэ щытащ.

Зауэ нэужь лъэхъэнэм Быж Хьэцу лэжьащ КъБАССР-м Къэрал кIуэцI IуэхухэмкIэ и министрым и къуэдзэу.

**ЩОМАХУЭ Залинэ.**

# Гукъинэжт зэхыхьэр

**1941 - 1945 гъэхэм екIуэкIа Хэку зауэшхуэм ТекIуэныгъэ Иныр къызэрыщахьрэ илъэс 77-рэ щрикъум ирихьэлIэу республикэм и район, къалэ, къуажэ псоми хуэдэу, Май районми накъыгъэм и 9-р гукъинэжу щагъэлъэпIащ.**

ИУЖЬРЕЙ илъэситIым коронавирус узыфэм и зэранкIэ зэпагъэуа Iуэхум мы гъэм Iэтауэ пащэжащ, хабзэ хъуауэ, накъыгъэм и 9-м иращIэкI фэеплъ, гуфIэгъуэ зэхыхьэхэмкIэ. Сабий сымаджэщым деж щызэхуэсри, «Полк уахътыншэр» ирикIуащ. ТекIуэныгъэм и парадымрэ концертымрэ, сыт щыгъуи хуэдэу, екIуу ирагъэкIуэкIащ.

Къалэ паркым ит ЩIыхь фэеплъым деж «Во славу Великой Победы» театр теплъэгъуэр, Май къалэм ЩэнхабзэмкIэ и унэм ТекIуэныгъэ Иным теухуа «Пламя гордости за Победу» концертыр, пщыхьэщхьэм сыхьэт 17-м Май къалэм и ут нэхъыщхьэм «Песни военных лет» концертыр ягъэлъэгъуащ, цIыху куэд хэту.

Махуэшхуэм зэхуишэсахэм я нэгум къищырт мы махуэм и мыхьэнэр зэрыиныр, цIыхубэр нэхъри зэкъуэзыгъэува ТекIуэныгъэм и гуфIэгъуэр дэтхэнэ зы унагъуэм дежкIи зэрылъапIэр. ЛэжьакIуэ гупхэм, еджакIуэ, къалэдэс, къуажэдэс щэ бжыгъэхэм ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьа, Хэку лъагъуныгъэр зыгъэпэжа я адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ я лIыхъужьыгъэм иригушхуэу я сурэтхэр яIыгъыу къалэм и уэрам нэхъыщхьэм ирикIуащ. Май къалэм а махуэм щыIуащ цIыхубэм ягу дыхьа «Смуглянка», «Тёмная ночь», «Катюша» уэрэдхэр, нэгъуэщIхэри.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

# 115-нэ шуудзэм теухуат

**Урысейпсо цIыхубэ фронтымрэ Урысейм и къэлъыхъуакIуэ гупым и хэгъэгу къудамэмрэ иджыблагъэ къызэрагъэпэщащ 115-нэ шуудзэм теухуа гъэлъэгъуэныгъэ.**

ТЕКIУЭНЫГЪЭМ и махуэшхуэм ирихьэлIэу ящIа зэхыхьэм цIыхур щыкуэдт. Зи лIыгъэрэ хахуагъэкIэ тхыдэм къыхэна 115-нэ шуудзэр къызэрызэрагъэпэщрэ мы гъэм илъэс 80 ирокъу. Дэфтэрыр зи лъабжьэ гъэлъэгъуэныгъэм къыщыхьа сурэт, тхылъымпIэ къэс абы хэтахэм я хъыбар къаIуэтэж.

1942 гъэм накъыгъэм и 1-м, Налшык щащIа май махуэшхуэм шуудзэр хэта иужькIэ, занщIэу фронтым дашауэ щытащ. Ростов щIыналъэм нэс кIуэри, лIыхъужьыгъэ къагъэлъагъуэу хэтащ Дон, Сталинград деж щекIуэкIа зэхэуэ гуащIэхэм. Ауэ псом хуэмыдэу хэщIыныгъэ щагъуэтар нэмыцэ танкхэм япэщIэува иужьщ.

Илъэс бжыгъэ дэкIыжауэ, штабым и унафэщIым и дневник къагъуэтыжам и фIыгъэкIэ Кавказ Ищхъэрэм и япэ цIыхубэ дивизэм и къекIуэкIыкIар Iупщ хъуат.

«Сальск, Къалмыкъ губгъуэхэм щекIуэкIа зауэхэм 115-нэ шу дивизэм цIыху мини 4-м нэблагъэ щыфIэкIуэдащ. 1942 гъэм шуудзэм хэщIыныгъэшхуэ зэригъуэтам къыхэкIыу, зэбградзауэ щытащ. «Зауэр щиухыр иужьрей сэлэтыр щыщIалъхьэжаращ», - жыIэгъуэр зэрыпэжыр зэманым ди фIэщ ищIащ. Шуудзэм и Iуэхум теухуауэ лэжьыгъэшхуэ зэфIагъэкI къэлъыхъуакIуэ гупым хэтхэм. Ди щхьэхуитыныгъэм щIэзэуа лIыхъужьхэр уахътыншэу къэплъытэ хъунущ», - жиIащ КъБР-м щыIэ ЦIыхубэ фронтым и унафэщI, «Урысейм и къэлъыхъуакIуэ гуп» IуэхущIапIэм и тхьэмадэ Попетэ Андрей.




Къэпсэлъам щыгъуазэ дызэрищIамкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым щекIуэкI къэлъыхъуэныгъэ лэжьыгъэм цIыху 70-м щIигъу хэтщ. Иужьрей илъэсиплIым къриубыдэу абыхэм Дзэ Плъыжьым и зауэлI 14-м я хьэдэ къупщхьэхэр къагъуэтыжащ, щIыпIэу 100-м щIигъу щIапщытыкIащ.

- КъухьэпIэм щекIуэкI зэпэщIэувэныгъэр, абы ди сэлэтхэм я фэеплъ сынхэр гущIэгъуншэу зэрыщызэтракъутэр къэплъытэмэ, къэлъыхъуакIуэ гупым я лэжьыгъэм и мыхьэнэр тIууащIэу лъапIэщ. ФIыщIэ ин яхуэсщIыну сыхуейт абыхэм, - жиIащ гъэлъэгъуэныгъэр къыщызэIуахым хэта, УФ-м и Къэрал Думэм и депутат Родинэ Викторие. Абы «Къэлъыхъуэныгъэ Iуэхум къызэрыщыхэжаныкIам папщIэ» дамыгъэ лъапIэм и II-нэ, III-нэ нагъыщэр КъБР-м щыщ къэлъыхъуакIуэ нэхъыфIу плIым яритащ.

**ИНЭРОКЪУЭ Данэ.**

# Нобэ

♦**Медсестрам и дунейпсо махуэщ**

♦**1954 гъэм** Налшык политехникэ техникум къыщызэIуахащ.

♦**1916 гъэм** къалъхуащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Аргун Iэбубэчыр**.

♦**1917 гъэм** къалъхуащ Абхъазым и цIыхубэ усакIуэ, Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь **Шинкубэ Бэгърат**.

♦**1920 гъэм** къалъхуащ КъБР-м щIыхь зиIэ и артист **Хьэщыкъуей Билал**.

♦**1935 гъэм** къалъхуащ публицист, КъБР-м щIыхь зиIэ и журналист **Уэрыш Нурхьэлий**.

♦**1936 гъэм** къалъхуащ шэрджэс еджагъэшхуэ, IуэрыIуатэдж, КъШР-м щIыхь зиIэ и журналист **Брат Хьэсин**.

**Дунейм и щытыкIэнур**

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ, уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градуси 9 - 10, жэщым градуси 10 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**ХьэщIэр гъафIэ, цIыхуфIыр лъытэ.**

ТекIуэныгъэ-77



# Саугъэт нэхъыщхьэр Шэшэным яхь

**Хэку зауэшхуэм текIуэныгъэ къызэрыщытхьрэ илъэс 77-рэ щрикъу махуэшхуэм ирихьэлIэу Налшык и ипподромым зи чэзу шыгъажэ махуэр щекIуэкIащ. ЩIыналъэм и шы завод нэхъыщхьэхэм я гъэхъун нэхъыфIхэр зыхэта зэпеуэхэм кIэлъыплъыну къызэхуэсат республикэм щыпсэухэмрэ хьэщIэхэмрэ.**

КЪРИХЬЭЛIАХЭР пщIэншэу шыгъажэм еплъыну Iэмал зэрагъуэтам къищынэмыщIауэ, губгъуэ пщэфIапIэ къызэIуахам щрагъэшхащ тхъуийрэ (гречкэрэ) лырэ зэщIэлъу, лэкъум, кхъуей, сабийхэм IэфIыкIэ иратащ.

Шыгъажэм щагъэджэгуащ ТекIуэныгъэм и махуэшхуэм, Зауэм и щIыхь зиIэ Налшык, 115-нэ шу дивизэр илъэс 80 зэрырикъум, Совет Союзым и лIыхъужьхэу флотым и адмирал Головко Арсений, кхъухьлъатэзехуэ Байсултанов Алий, связист Яхэгуауэ Михаил, Урысейм и лIыхъужьхэм, Абхъазым и лIыхъужь генерал-лейтенант Сосналы СулътIан сымэ я щIыхькIэ игъэува саугъэтхэр. Псори зэхэту шыгъажибгъум щагъэувауэ щытащ сом мелуан.



Сом 200 000 саугъэту зыхуагъэува «ТекIуэныгъэм и щIыхькIэ» къызэдэжэ нэхъыщхьэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и шыгъажэшхэм къащыпэщIэтащ Шэшэнымрэ Ингушымрэ я шэщхэм щагъэхъухэр. Абы ди щIыпIэм щыщ Пинк Эйр зы пкъы закъуэкIэ къыкIэрыхуащ Шэшэным къикIа Тайсон Славэ хакIуэ пщIэгъуэплъым. Бжьыпэр зыубыдахэм ТекIуэныгъэм и кубокыр яритащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек икIи къызэхуэсахэм махуэшхуэмкIэ ехъуэхъуащ.

«Нобэрей махуэр Урысей Федерацэм щыпсэу дэтхэнэ унагъуэм и дежкIи пщIэшхуэ зиIэщ. Ди адэхэмрэ адэшхуэхэмрэ нацизмэм ебэну къытхуахьа текIуэныгъэщ мыр. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, илъэс пщIы бжыгъэхэр дэкIауэ а шынагъуэр дунейпсо цIыхубэм къатепсыхэжащ. Си фIэщ мэхъу, нэхъапэхэми хуэдэу, иджыри текIуэныгъэр къызэрытхьынур».

**КЪЭХЪУН Бэч.**

# Зауэ нэужьым къыдагъэкIа автомашинэхэр

**ТекIуэныгъэ Иным и махуэшхуэр Iэтауэ щагъэлъэпIащ Налшык къалэм.**



АБЫ ирихьэлIэу ягъэхьэзыра Iуэхухэм ящыщу, хабзэ зэрыхъуауэ, Абхъазым и утыкум щагъэлъэгъуащ Хэку зауэшхуэм иужькIэ къыдагъэкIауэ щыта автомашинэ лIэужьыгъуэ 20-м щIигъу. Апхуэдэхэщ 1957, 1958 гъэхэм ящIауэ щыта, нобэми зекIуэ «Победа», «Волга» жыхуэтIэхэр. Нэхъыжьхэми, щIалэгъуалэми, сабийхэми апхуэдизкIэ яфIэгъэщIэгъуэнти, дэтхэнэ автомашинэми бгъурыувэурэ сурэтхэр зытрагъэхащ.

Пасэу ящIа автомашинэхэм дихьэххэм яхэтщ Бахъсэн районым хыхьэ Ислъэмей къуажэм къикIа Уэрдокъуэ Уэзырмэс. Къыхэдгъэщынщи, ТекIуэныгъэ Иныр къытхуэзыхьахэм, лIыгъэрэ хахуагъэрэ къагъэлъагъуэу Хэку зауэшхуэм пхыкIахэм, мамыр гъащIэм хэзэгъэжу лэжьыгъэ купщIафIэ езыхьэкIыу зи цIэр тхыдэм къыхэнахэм ящыщщ абы и адэ Уэрдокъуэ Мухьэмэд.

Уэзырмэс зэрыжиIащи, 1958 гъэм ящIа «Волга» - «ГАЗ-21»-р нобэми зокIуэ. Малкэдэс Елъчэпар Хьэбаси апхуэдэ машинэ иIэщ. Къызэрыхигъэщащи, абы зы сыхьэтым километри 140-рэ зэпичыфынущ, къыщыдагъэкIым зэралауэ щыта лэчщ кIэрылъри.

Апхуэдэуи къызэхуэсахэр дихьэхыу еплъащ утыкум щагъэува танкхэм. Зауэ зэманым сэлэтхэм я шхыныгъуэу щытахэм хуэдэхэр зыIузыгъэхуэну хуейуэ чэзум щытхэри куэдт, хьэпшып IэрыщI гъэщIэгъуэн ягъэлъагъуэхэм дихьэххэри мащIэтэкъым.

Абхъазым и утыкум деж щекIуэкIащ махуэшхуэ концерт. Абы хэтащ «Амикс» гупым и артистхэр, зэфIэкI зыбгъэдэлъ ныбжьыщIэхэр. Пщыхьэщхьэм къалэдэсхэр ирагъэплъащ дунейпсо кинематографым и тхыдэм хыхьа, псоми фIыуэ ялъагъу «А зори здесь тихие...» фильмым.

**БАХЪСЭН Ланэ.**



*Сурэтхэр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

# Медаль зэмылIэужьыгъуэу 14

**Симферополь къалэм щекIуэкIащ дзюдомкIэ «Къырым Республикэм и къалащхьэм и кубок» XVII зэхьэзэхуэ зэIуха. Хэгъэрейхэм къищынэмыщIауэ, абы хэтащ Краснодар, Ставрополь крайхэм, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Адыгейм щыщу 2003 - 2005, 2006 - 2008 гъэхэм къалъхуа спортсмен 300-м щIигъу. Ди республикэм и дзюдоистхэм зэхьэзэхуэм медаль зэмылIэужьыгъуэ 14 щызыIэрагъэхьащ.**



Я НЫБЖЬРЭ хьэлъагърэ елъытауэ зэщхьэщыхауэ щыта гупхэм дыщэ медалхэр къыщахьащ Тау Инал (кг 50), Къущхьэ Тамерлан, Щоджэн Феликс (тIури кг 66-рэ), Беслъэней Дамир (кг 90-м щIигъу), Балъкъыз Залым (кг 100-м щIигъу). ЕтIуанэ хьэщ Гаев Алан (кг 46-рэ), Щад Алимбэч (кг 55-рэ), Мурачаев Исхьан (кг 60), Ансокъуэ Идар (кг 66-рэ), Тэхъы Алан (кг 90) сымэ. Звягинцев Никитэ (кг 50), Бачиев Ахъмэт (кг 55-рэ), Зеньков Эмиль (кг 81-рэ), Тогузаев Нодар (кг 100-м щIигъу) сымэ домбеякъ медалхэр зыIэрагъэхьащ.

Спортсменхэр зэхьэзэхуэм хуагъэхьэзыращ Иванов Дмитрийрэ Апхудэ Анзоррэ.

**ЖЫЛАСЭ Замир.**

***Ди газетым и къыкIэлъыкIуэ номерыр пщэдей къыдэкIынущ.***

Редактор нэхъыщхьэ ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Ленинным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.

«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ.
Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.041
Заказ №918